

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nya éta subjék di mana data éta dicangking (Arikunto, 2010: 172). Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta naskah fiksimini karangan Hadi AKS anu aya dina grup *facebook* Fiksimini Basa Sunda. Jumlah sakabéh naskah fikmin karangan Hadi AKS aya 106 naskah, sedengkeun naskah nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta sampel random tina naskah fikmin karangan Hadi AKS dina taun 2013. Fiksimini dina taun 2013 aya 31 naskah, naskah nu dipaké dina ieu panalungtikan aya 15 naskah fiksimini.

Tabél 3.1

Daftar Judul Fiksimini Karangan Hadi AKS salila taun 2013

No	Tanggal	Judul Fiksimini
1	2	3
1	03/02/2013	Sang Séna
2	05/02/2013	Sargah 8: Purnama
3	09/02/2013	The Sorrow Eyes
4	11/02/2013	Tembang Bulan
5	07/04/2013	Surat ka Éyang Subur
6	18/04/2013	Balada Dangdut
7	24/04/2013	Mapay Jalan Panonpoé
8	27/04/2013	Kandang Uing
9	29/04/2013	Batu Combong
10	30/04/2013	Jago Lohong
11	06/05/2013	Kang Aép Panganténan
12	10/05/2013	Serat Jajatén
13	16/05/2013	Manéhna jeung Kukupu
14	18/05/2013	Nu Nyerangkeun tina Jandéla
15	20/05/2013	Nu Datang Bareng Jeung Bulan
16	25/05/2013	Bulan di Pasir Jarian
17	26/05/2013	Saija jeung Dainah
18	30/05/2013	Ting-tang

Eksa Dwi Ratih, 2014

Analisis Unsur Inrinsik Fiksimini Basa Sunda Karangan Hadi AKS Dina Grup Facebook Fiksimini Basa Sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


19	03/06/2013	Waktu nu Kalarung
20	25/07/2013	Jalan Angin
21	29/07/2013	Kadaharan ti Sawarga
1	2	3
22	01/08/2013	Kakangen nu Langgeng
23	06/08/2013	Lebaran nu Ahéng
24	11/08/2013	Lembur Jirim
25	28/08/2013	Serat Cacaka
26	08/09/2013	Kalongking
27	22/09/2013	Nu Milu Balik
28	29/09/2013	Lawang
29	05/10/2013	Kotak
30	10/10/2013	Gusti Ratu
31	14/12/2013	Dua Fantasi

3.2 Desain Panalungtikan

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta 1) nangtukeun masalah, 2) studi pendahuluan, 3) ngarumuskeun masalah, 4) ngarumuskeun anggapan dasar, 5) milih pamarekan, 6) nangtukeun sumber data, 7) nangtukeun jeung nyusun instrumen, 8) ngumpulkeun data, 9) nganalisis data, jeung 10) nyieun kacindekan (Arikunto, 2010: 61).

Gambar 3.2

Desain Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode anu ngagambarkeun hiji hal, upamana kaayaan, kondisi, kagiatan, jsté (Arikunto, 2010: 3). Ku kituna, panalungtikan déskriptif mah mangrupa panalungtikan nu miboga udagan pikeun nalungtik kaayaan atawa kondisi nu hasilna bisa dipedar dina wangun laporan panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngan motrét/ningali naon nu aya dina diri objék atawa hal anu ditalungtik, tuluy ngajelaskeun hiji kajadian dina wangun laporan panalungtikan sacara *lugas*; sakumaha ayana (Arikunto, 2010: 3).

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh puguh maksudna, tujuan sarta udaganna, ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan

1) Unsur Intrinsik

Unsur intrinsik nya éta bagian pangwangun dina karya sastra. Dina ieu panalungtikan karya sastra nu dimaksudna nya éta fiksimini. Unsur nu dimaksudna téh unsur pangwangun dina hiji carita. Unsur intrinsik dina

fiksimini ngawengku (1) tema, (2) plot/galur, (3) palaku sarta watekna, jeung (4) latar.

2) Fiksimini

Fiksimini mangrupa carita fiksi nu leuwih pondok tibatan carita pondok. Eusi fiksimini diwatesanan ngan nepi ka 150 kecap nu can aya aturan nu tangtu (Hadi AKS). Fiksimini nu dipaké nya éta fiksimini dina basa Sunda karya Hadi AKS dina taun 2013.

3) Hadi AKS

Hadi AKS nya éta salah sahiji sastrawan nu geus kawéntar di wewengkon Sunda. Loba karya nu geus medal ti anjeunna. Di antarana baé buku kumpulan carpon anu judulna “*Kalapati*”, buku “*Peperenian*”, pupuhu komunitas Saung Sastra Lembang, jeung salah sahiji kuncén (*admin*) dina grup Fiksimini Basa Sunda.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Dina ngumpulkeun data, instrumen anu dipaké nya éta naskah fiksimini karangan Hadi AKS dina taun 2013.

Dina instrumén kartu data, cara nganalisisna nalungtik unsur-unsur karya sastra naskah Fiksimini. Dina kartu ada aya nomer, judul, analisis, cutatan tina eusi fikmin, jeung katerangan. Udaganna nya éta sangkan gampang dina nyieun analisis jeung kacindekan.

Gambar 3.2
Contoh Kartu Data

Nomer	:	
Judul	:	
Analisis	:	

Cutatan	:
Keterangan	:

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis data. Téhnik analisis data digunakeun pikeun nganalisis unsur intrinsik fiksimini basa Sunda karangan Hadi AKS dina grup *facebook* Fiksimini Basa Sunda dina taun 2013. Unsur intrinsik nu ditalungtik ngawengku téma, palaku/penokohan, galur, jeung latar anu aya dianalisis hiji-hiji ku cara dikumpulkeun, diteuleuman, dipesék, nepikeun ka kapanggih unsur-unsur caritana. Dina ngumpulkeun data, léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) maca sagemblengna téks fiksimini; jeung
- 2) nyirian data nu aya patalina jeung unsur-unsur nu patali jeung hal nu dianalisis.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis data. Data nu geus dikumpulkeun langsung diolah sangkan meunang hasil luyu jeung udagan panalungtikan. Data nu dipaké téh nya éta naskah fiksimini karangan Hadi AKS dina taun 2013.

Dina ngolah data diperlukeun léngkah-léngkah, di antarana:

- 1) nangtukeun objék panalungtikan, anu jadi objék dina ieu panalungtikan nya éta naskah fiksimini karangan Hadi AKS dina taun 2013;
- 2) analisis unsur intrinsik nu ngawengku téma, tokoh/penokohan, latar, jeung galur; jeung
- 3) nyindekkeun hasil analisis data.

